

Mande'm de Jeni ki Soutenab!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou konsève enèji si ou sèvi ak plis izolasyon lakay ou. Nou sè ak konpetans yon syantis pou kapab fè obsèvasyon, poze kesyon, e teste ide nou sou izolasyon—kisa li ye e kijan li mache. Mande m 'sou mouf espesyal izole nou te itilize pou okipe kèk bagay enteresan!



Nou menm tou nou te pratike konpetans yon enjenyè pandan nou te aplike sa nou te aprann nan konsepsyon ak rezoud pwoblèm yon solisyon pou izole yon machin pou lespas imajinè. Kite m 'di ou tout bagay sou ki materyèl nou te chwazi pou nou sèvi e sa nou dekouvri sou materyèl sa yo kòm izolan.

Pale'm de pwòp kay nou Eske li izole? Ki materyèl izolasyon ke nou sèvi? Eske gen yon kote nan kay la ke mwen kapab wè izolasyon an? Pwochenn fwa nou vizite yon kote yon vann bagay pou kay, ann gade nan zòn izolasyon an epi wè ki materyèl ki disponib. Ankouraje'm pou'm pale avè'w sou fason materyèl sa yo sanble oubyen diferan ak materyèl mwen te itilize nan defi Mize a.

Èske gen lòt fason fanmi nou konsève enèji ak resous natirèl? Pale avèm sou sa epi revize lis abitud "konsèvasyon" nou ta ka adopte anba a. Ansanm nou ka ekonomize enèji, resous, ak lajan!

8 Jan Fasil pou Konsève

- Fèmen fenèt ak rido pou diminye pèt chalè
- Mete yon chanday; bese chalè a
- Sèvi ak dra lou oubyen konnfòtè
- Etenn limyè lè'w ale
- Etenn elektwonik lè'w pap sèvi ak yo
- Etenn òdinatè yo lannwit
- Pran douch kout pou konsève dlo e ekonomize enèji
- Resikle papye, plastik, ak vè

Chwa Fanmi yo Adisyone!

Chwa pa'w, ak pa vwazen'w, kominote'w ak peyi'w, adisyone a yon mond ki pi konsèvatè.